



# Kle pou Pase Enspeksyon Sekirite kont Ensandi



Rezon ki fè gen Enspeksyon pou Pwoteksyon kont Ensandi ak Lavi, se pou asire sekirite ou, biznis ou, kliyan ou ak pwopriyete ou. Espesyalis Sekirite kont Ensandi tou pran opòtinite sa a pou li enfòme ou sou egzijans ki etabli nan Kòd Prevansyon Florid e ede elimine domaj ki ka rive. Ojektif la se konfòmite a pati de edikasyon e non pa a pati de ranfòsman. Enfòmasyon ki anba a bay plizyè bagay enpòtan ki ka fèt pou ede ou pase chak ak tout enspeksyon. Tout pa enkli e depandaman de biznis ou, yo gen dwa pa aplike a ou, men si yo aplike a biznis ou yo ka fasil pou korije.

## Bilding ak Aksè Ekipman Kont Ensandi pa Deyò

- Baryè yo pa bloke e gen pwòp aparèy pou take/ ak detake ki fonksyone
- Asire ke nimewo adrès la poste, byen anplase e nan dimansyon minimòm ki obligatwa a
- Asire wout pou aksè Depatman Ponpye "Liy Ponpye" rete degaje toutan,, san pye bwa ak lòt bagay ki kouvri sipoze mwens ke 13'6"
- Asire bouch dlo pou ensandi pa gen plant ki bare yo
- Asire ke bon kle yo nan bwat aksè "Knox" (Sèlman Depatman Ponpye gen aksè) -si kle seri yo ta refèt pandan ane a, kontakte Depatman Ponpye a pou ranplase kle yo nan Bwat Aksè a.
- Si gen awozwa dife, asire ke koneksyon pou Depatman Ponpye "FDC" aksesib e gen sinalizasyon ki apwoprie.

## Antretyen

- Ekstenktè Dife ki sètifye e ki gen bon dimansyon ki lokalize chak 75 pye (oblje sètifye chak 12-mwa)
- Elimine fil ekstansyon – Yo pou itilizasyon tanporè, pa pou chak jou
- Ploge tout aparèy ki ka chofe yo dirèkteman nan yon priz
- Pa ploge miltipriz oswa pwotektiè pou tansyon elve youn nan lòt – chak oblje konekte dirèkteman nan yon priz.
- Pa mete anyen anba eskalye, nan sal kontwòl elektrik oswa asansè
- Asire ke panèl elektrik yo aksesib e chak bouton yo make
- Mete tout materyèl ki prezante danje yo nan kote ki an sekirite e an akò ak rekòmandasyon fabrik la.
- Anken bouji pa dwe limen
- Asire ke tout sòti ak limyè ijans fonksyone
- Asire ke tout plafon an dal yo an plas e pa andomaje
- Sòti yo idantifyab e pa bloke
- Eskalye yo byen degaje e byen sinyale
- Pa gen kadna ni baraj an fè nan zòn pou sòti ak pòt sòti
- Anken fil kab ki ekspoze, ki manke, oswa kouvèti priz ki andomaje



## Kle pou Pase Enspeksyon Sekirite kont Ensandi



Bilding ki gen tiyo awozwa ensandi?

- Asire ke rapò enspeksyon a a jou e disponib sou sit la
- Tout enkonsistans ki note nan rapò enspeksyon ki korije, ak manda travay konplè ki disponib sou demand
- Asire ke tiyo awozwa pou ensandi yo pwòp, pa gen pousyè e pat pentire
- Asire ke anyen pa estoke a mwens de 18" de chak tiyo awozwa
- Asire ke anyen pa kroke sou sistèm kanalizasyon awozwa pou ensandi, tiyo awozwa a dwe aksesib
- Asire ke kle de rachanj disponib andedan tèt bwat awozwa kont ensandi

Eske Bilding yo gen Ponp Kont Ensandi?

- Asire ke rapò enspeksyon ki obligatwa ak resi fonksyònman ponp la a jou e disponib sou sit la
- Tout iregilarite ki jwen nan rapò enspeksyon dwe korije ak tout lòd travay ki disponib sou demand
- Asire ke tout tès ak dosye entretyen sou sit la

Bilding yo gen Alam Kont Dife ak yon Bwat Kontwòl Alam Kont Dife "FACP"?

- Asire ke enspeksyon rapò ki obligatwa yo a jou e disponib sou sit la
- Tout iregilarite ki jwen nan rapò enspeksyon dwe korije ak tout lòd travay ki disponib sou demand
- Asire ke kontra ki kontwole yo disponib
- FACP a aksesib e ekri "Nòmal" e pa gen ankenn mesaj erè ki parèt sou ekran an

Eske gen yon Sistèm Sipresyon UL300 nan Kwizin nan?

- Asire ke rapò enspeksyon ki obligatwa yo a jou, e disponib sou sit la
- Tout iregilarite ki jwen nan rapò enspeksyon dwe korije ak tout lòd travay ki disponib sou demand
- Sistèm kapo a netwaye e gen etikèt ki plase sou kote kapo vantilasyon an
- Asire ke ekipman kwizin yo plase nan pozisyon ki fet pou yo

**Pou plis enfòmasyon sou Sekirite kont Ensandi peze la a**

**EXCELLENCE TODAY**



**IMPROVING TOMORROW**



## Kle pou Pase Enspeksyon Sekirite kont Ensandi



Bilding nan gen yon dèlko?

- Asire ke rapò enspeksyon ki obligatwa yo a jou e disponib sou sit la
- Tout iregilarite ki jwen nan rapò enspeksyon dwe korije ak tout lòd travay ki disponib sou demand
- Asire ke tout tès ak dosye entretyen prezan sou sit la

Konstrikyon ki fèt depi avan Enspeksyon kont Ensandi?

- Gen Pèmi ak Plan ki apwouve e disponib sou demand

Enstalasyon nouvo ekipman oswa sistèm depi avan Enspeksyon kont Ensandi?

- Gen Pèmi ak Plan ki apwouve e disponib sou demand

**Pou plis enfòmasyon sou Sekirite kont Ensandi peze la a**